**दिन–शनिवार** **दिनांक–11.04.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रदेश मे नव सरकारक गठन के लऽकऽ गहमा–गहमी बढ़ि गेल अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक सरकारी आवास पर पार्टीक वरिष्ठ नेता सभ नव सरकारक स्वरूप पर बैसक कयलनि। बैसार मे जदयूक राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष संजय कुमार झा आओर संसदीय कार्य मंत्री विजय कुमार चौधरी सहित आनो–आन वरिष्ठ नेता सभ छलाह। एम्हर, पटना मे भाजपाक सेहो बैसक होयवला अछि। एहि मे बिहार भाजपाक प्रभारी विनोद तावरे आओर भाजपा प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी सहित आनो–आन नेता सभ रहताह। नीतीश कुमार के मुख्यमंत्री पद सँ इस्तीफा सँ पहिने सीएम हाउस खाली कराओल जा रहल अछि। एक अणे मार्ग सँ सभ समान सात सर्कुलर रोडक आवास मे राखल जा रहल अछि।

---

राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव जनौलनि अछि जे राज्यक एनडीए सरकार प्रदेशक विकास लेल कोनो काज नहि कऽ रहल अछि। श्री यादव आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे आरोप लगौलनि जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के जबरदस्ती राज्यसभा पठाओल गेल अछि।

---

भाजपा नेता आओर उद्योग मंत्री दिलीप जायसवाल मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के राज्यसभा सांसदक रूप मे शपथ लेबय पर जनौलनि जे ई हुनक निजी निर्णय अछि। ओ जनौलनि जे सभ लोकनि के हुनक निर्णयक सम्मान करबाक चाही। ओतहि नव मुख्यमंत्रीक नाम पर श्री जायसवाल जनौलनि जे शीघ्रहि एहि पर निर्णय लेल जायत।

---

प्रदेश मे एहि बरख होयवला त्रि–स्तरीय पंचायत चुनाव लेल सभ निर्वाचन क्षेत्रक मतदाता सूचीक प्रारूप प्रकाशन सत्ताईस अप्रैल कँ होयत। राज्य निर्वाचन आयोगक सचिव मुकेश कुमार सिन्हा जनौलनि जे एगारह मई धरि प्रारूप पर आपत्ति लेल जायत। ओ जनौलनि जे चौदह मई धरि आपत्तिक निपटारा कयल जायत। श्री सिन्हा जनौलनि जे सभ मामिलाक निपटारा अठारह सँ बाइस मईक बिच कयल जायत। सचिव जनौलनि जे अंतिम रूप सँ प्रपत्र–एकक प्रकाशन पचीस मई कऽ कयल जायत। चुनाव प्रक्रिया के निक बनाओल रखबाक लेल अधिकारी सभ के तेरह सँ सत्रह अप्रैल धरि प्रशिक्षण देल जायत।

———————————————————————————

समाज सुधारक आओर महान जन सेवक महात्मा ज्योतिबा फूलेक जयंती पर आइ राष्ट्र हुनका श्रद्धांजलि अर्पित कयलक। अठारय सय सत्ताईस मे आजुक दिन जनमल महात्मा फूले अपन कनिया सावित्री फूले संग मिलिकऽ महिला शिक्षा आओर सशक्तिकरण लेल बढ़िया काज कयलनि। संगहि ओ जाति व्यवस्था आओर छूआछूत जेहेन सामाजिक बुराई के समाप्त करबाक लेल बिड़ा उठौलनि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आओर भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नवीन ज्योतिबा फूले के पुष्पांजलि अर्पित कयलनि। एहि मौका पर देशक कतेको भाग मे कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। राष्ट्रीय लोक मोर्चाक कार्यालय मे पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष आओर राज्यसभा सांसद उपेन्द्र कुशवाहा ज्योतिबा जीक विचार के जन–जन धरि पहुंचेबाक संकल्प लेलनि।

———————————————————————————

वैशाली जिलाक महनार मे राष्ट्रवेणु संस्था दिस सँ भव्य मधुलिका काव्योत्सवक आयोजन कयल गेल। एहि मे देशभरिक कतेको वरिष्ठ कवि सभ अपन–अपन प्रस्तुति देलनि। संगहि आकाशवाणी केन्द्र पटनाक सहायक निदेशक अंशुमान झा सहित आकाशवाणीक पटनाक पूर्व कार्यक्रम अधिशासी शंकर कैमूरी सहित आनो–आन कवि सभ छलाह।

———————————————————————————

प्रदेशक बेसी जिला मे तापमान बढ़ला सँ गरमी बढ़ि रहल अछि। पछिला चौबीस घंटाक बिच पूर्वी चंपारणक मोतिहारी मे अधिकतम तापमान सैंतीस डिग्री रहल। पटना आओर अरवल जिला मे पचास किलोमीटर प्रतिघंटाक गति सँ हवा चलल। मौसम विभाग अगिला

तीन सँ चारि दिनक बिच राज्यक कतेको भाग मे अधिकतम तापमान चारि सँ छओ डिग्री सेल्सियस धरि बढ़ि सकैत अछि। डॉक्टर सभ लोक सभ के अपन शरीर के हाइड्रेटेड रखबाक लेल बेसी सँ बेसी पानि पीब आओर तेज रौद मे बेसी काल धरि रहय सँ बचबाक लेल जनौलनि अछि।

———————————————————————————

पूर्वी चंपारण जिलाक आदापुर थाना मे निगरानी विभाग कार्रवाई करैत एक निजी मुंशी इंतखाब आलम के चौदह हजार टाका घूस लैत गिरफ्तार कयलक अछि। ओ आर्म्स लाइसेंस देबाक नाम पर एक पूर्व सैनिक सँ चौदह हजार टाका मंगने छलाह।

———————————————————————————

अररियाक जिलाधिकारी विनोद दूहन मुख्यमंत्री ग्रामीण सोलर स्ट्रीट लाईट योजना मे अधिकारी सभ के हरेक वार्ड मे दस–दस लाईट लगेबाक लेल जनौलनि अछि।

———————————————————————————

कटिहार जिला प्रशासन निजी विद्यालय मे नाम लिखेबा मे मनमानी करबाक शिकायत पर कड़गर रूख अपनौलक अछि। जिलाधिकारी आशुतोष द्विवेदी जनौलनि जे नियमक खिलाफ पुनः नामांकन शुल्क, वार्षिक शुल्क आओर आनो–आन शुल्क लेबयवला विद्यालय सभ पर एक लाख टाका धरि जुर्माना लगाओल जायत।

———————————————————————————

समाप्त भेल